Konprann krim ki gen rapò ak rayisman nan Connecticut

Depatman Envestigasyon krim ki gen rapò ak rayisman

Depatman Envestigasyon krim ki gen rapò ak rayisman (HCIU, an anglè) te antre nan lalwa Connecticut nan mwa jiyè 2022. Kounye a, HCIU se depo santral pou enfòmasyon sou krim ki gen rapò ak rayisman pa rapò ak lapolis atravè Eta a. HCIU egzamine krim ki gen rapò ak rayisman, ensidan ki gen rapò ak rayisman ak krim ki gen eleman prejije nan tout eta a. HCIU bay konsèy ak resous pou lapolis, tout kominote yo ak plizyè òganizasyon piblik ak prive. Anplis sa a, HCIU patisipe nan plizyè evènman pou ede konble espas ki genyen ant lapolis ak kominote n ap sèvi yo.

Resous ak Sipò Siplemantè

Biwo Sèvis pou Viktim nan Domèn Lajistis Eta Connecticut la
Pwogram Asistans pou Viktim yo
Telefòn: 800-822-8428
ovs@jud.ct.gov

Pwogram Konpansasyon pou Viktim yo
Telefòn: 888-286-7347
ovscompensation@jud.ct.gov

Lwa sou Viktim Krim (VOCA, an anglè)
Nimewo telefòn: 1-800-505-9000
Nimewo telefòn gratis: 1-888-771-3126

Biwo Defans Viktim nan
Nimewo telefòn: 860-550-6632

Rapòte krim ki gen rapò ak rayisman enpòtan pou kenbe kominote yo an sekirite

Ki sa ki yon krim ki gen rapò ak rayisman?

Krim ki gen rapò ak rayisman se enfraksyon kriminèl ki motive pa prejije kont ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, sèks, idantite seksyèl oswa andikap.

Ki sa ki yon ensidan ki gen rapò ak rayisman?

Ensidan ki gen rapò ak rayisman yo gen pou wè ak zak prejije ki pa krim epi ki pa enplike vyolans, menas oswa domaj pwopriyete.

Kòman pou yon moun rapòte

Kontakte Depatman Lokal Lapolis ou a; pou Ijans, rele 911!

Poukisa repòte enpòtan

① Ede lapolis nan prevansyon krim ki gen rapò ak rayisman nan lavni

② Pèmèt Lapolis idantifye tandans rayisman/prejije

③ Delenkan yo poko sanksyone yo ka kontinye fè krim ki gen rapò ak rayisman

④ Ranfòse konfyans nan kominote a ak sekirite pou tout moun

Ki sa k ap pase apre ou fin rapòte a

① Ofisye yo pral egzamine ensidan an epi detèmine si li nan nivo yon krim ki gen rapò ak rayisman.

② Si ensidan an pa yon krim ki gen rapò ak rayisman, rapò w la ede atire atansyon sou enkyetid sekirite nan kominote a.

Ijans
Rele 911

ESKANE M

https://portal.ct.gov/hatecrimes